



Pou Piblikasyon Imedya: 16/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TOUT 532 AJANS LAPOLIS ELIJIB NAN NEW YORK
DEJA RESEVWA SÈTIFIKA ETA POU ANPLWA OFISYE JAN LWA SOU POLITIK
PWOFFESYONÈL 2021 AN EGZIJE SA**

Sètifika demontre ke ajans Minisipal, Otorite, Eta, ak Polis wout ray sa yo swiv estanda anplwaye konpreyansif Eta a pou Ofisye Lapolis yo epi yo respekte egzijans pou rapòte move kondwit ak enfòmasyon sou travay

Chak ajans te jwenn sètifika jan sa nesesè avan dat limit legal jodi a

Govènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 532 ajans lapolis nan Eta New York – 100 pousan tout ajans ki elijib yo – te resevwa [sètifikasyon konfòmite](#) eta jan Lwa sou Politik Pwofesyonèl 2021 an egzije. Sètifikasyon sa a demontre ke ajans minisipal, otorite, tren ak polis eta sa yo swiv nòm anbochaj konplè eta pou ofisye lapolis yo ak egzijans pou rapòte move kondwit ak enfòmasyon sou travay bay ajans eta yo. Chak ajans te jwenn sètifika jan sa nesesè avan dat limit legal jodi a.

"Sekirite piblik se pi gwo priyorite mwen, epi mwen pran angajman pou bay lapolis nan New York zouti yo bezwen pou fè travay yo avèk siksè" **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap kontinye travay ak patnè nou yo nan fòs lòd la pou asire ke chak kominote nan New York an sekirite epi trete avèk diyite."

[Lwa sou Politik Pwofesyonèl](#) la te anvigè 16 oktòb 2021, ranfòse sipèvizyon eta a nan depatman lapolis ak biwo cherif yo nan objektif pou asire ke moun ki anplwaye kòm ofisye lapolis yo kalifye, yo gen bon karaktè fizik ak moral epi yo anfòm sikolojikman pou fè travay la. Anvan promilgasyon lwa a, ajans yo te gen pwòp estanda anbochaj pa yo, sa ki lakòz pratik ak kritè enkonsistan pou travay atravè jiridiksyon yo. Eta a pa te mande pou ajans yo swiv meyè pratik pou anbochaj yo – egzije pou kandida lapolis yo sibi verifikasyon istwa kriminel ki baze sou anprent oswa egzamen sikolojik yo epi verifye si fòmasyon yon ofisye oswa si lisans yo te revoke pou move kondwit – pa egzanzp, menmsi anpil ajans te fè sa. Lwa a te bay ajans yo tou dezan apati dat promilgasyon an pou jwenn sètifika obligatwa ak estanda anbochaj ak rapòtaj yo.

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare, "New York se te premye eta nan nasyon an ki te mande fòmasyon debaz pou nouvo ofisye polis yo. Lwa sou Polisye Pwofesyonèl la bati sou eritaj sa a ki mande estanda rijid epi

konplè pou anbochaj ak rapò. Mwen vle remèsye manm ekip mwen an ki te pase anpil èdtan nan de ane ki sot pase yo k ap travay ak ajans yo epi revize dokiman yo pou asire aplikasyon refòm enpòtan sa yo."

Norma anbochaj yo mande pou depatman lapolis ak biwo cherif yo fè evalyasyon sikolojik ak investigasyon antesedan pou kandida ofisye lapolis yo. Ankèt sou anteseda dwe gen ladan, men sa sèlman, yon aplikasyon konplè ak deklarasyon istwa pèsònèl kandida a ki adrese eleman nan karaktè moral ki dekri nan estanda a; yon verifikasyon antesedan kriminèl ki baze sou anprent; epi omwen, yon revizyon enfòmasyon manm fanmi yo, referans pèsònèl, enstitisyon edikatif, ansyen anplwayè yo, ansyen vwazen oswa pwopriyetè, òganizasyon ak afilyasyon yo; ajans kredi; tribinal yo; ajans fòs lòd kote aplikan an te rete oswa te travay; Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) eta a, ak Fòs Lane Etazini yo.

Depatman lapolis yo ak biwo cherif yo dwe fè entèvyou an pèsòn ak kandida yo, epi mande fè rechèch nan Rejis Santral Polis ak Ofisye Lapè eta yo, ke Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) ak Endis Nasyonal pou Desètifikasyon pou sètifika fòmasyon oswa anilasyon lisans akòz move konduit ofisye yo.

Ajans yo dwe rapòte tou move konduit ofisye yo bay ajans eta ki apwopriye a. Depatman lapolis vilaj, komin, ak vil yo ak biwo cherif konte yo dwe rapòte nenpòt ofisye yo ke te resevwa senk oswa plis plent pou li nan dezan nan [Biwo Ankèt sou Move Konduit Pwokirè Jeneral Lapolis Eta a](#); Depatman lapolis ki fonksyone pa ajans eta yo dwe rapòte move konduit bay Biwo Enspektè Jeneral Eta a, epi Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) epi depatman lapolis Otorite Pòtyè a dwe rapòte move konduit bay biwo enspektè jeneral yo.

Tout ajans yo dwe respekte egzijans [rapòte bay Rejis Santral Polis ak Ofisye Lapè Eta](#) Enfòmasyon sa a gen ladan, men se pa sa sèlman, dat anboche, dat fòmasyon debaz yo fini, ak ranvwa pou rezon. Dapre lwa eta a, sètifika fòmasyon debaz yon polis oswa yon ofisye lapè anile imedyatman lè yo retire yon ofisye pou yon kòz movèz kondwit, oswa yon ofisye te demisyone oswa pran retrèt apre, oswa an relasyon avèk akizasyon movèz kondwit. DCJS kenbe [yon lis polis ak ofisye lapè ke fòmasyon yo te desètifye sou sitwèb li a](#) epi li mete li ajou chak mwa.

Konsèy Akreditasyon Ajans Lapolis Eta a, kote DCJS bay sipò pèsònèl la, sipèvize pwosesis sètifikasyon obligatwa ak yon [pwogram akreditasyon volontè pou depatman lapolis ak biwo cherif yo](#). Konsèy la te bay sètifikasyon sou yon baz kontinyèl, kòmanse an desanm 2022, epi fini nan debi mwa sa a. Sa te pèmèt 532 ajans yo konpile tout dokiman ki nesèsè pou demontre konfòmite, bay anplwaye DCJS ase tan pou revize dokiman sa yo, epi sa te lakòz tout ajans yo satisfè dat limit legal 16 oktòb 2023 a. Ajans yo dwe resètifye chak senkan.

[Depatman Sèvis Jistis Penal Eta New York la](#) se yon ajans sipò jistis kriminèl a plizyè fonksyon ki gen yon bann responsabliite, ki gen ladan yo fòmasyon pou moun kap fè

respekte lalwa yo; koleksyon ak analiz done krim atravè tout eta; antretyen dosye enfòmasyon istwa kriminèl ak anprent; sipèvizyon administratif baz done ADN eta a, an patenrya avèk lapolis Eta New York la; finansman ak sipèvizyon pou pwogram libète kondisyonèl ak koreksyon kominote yo; jesyon finansman jistis penal federal ak eta yo; sipò pou ajans ki gen rapò ak jistis kriminèl toupatou atravè eta; ak jesyon Rejis Delenkan Seksyèl eta a. Swiv ajans lan sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [X \(anva sa li rele Twitter\)](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418